

Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONTRA FINALIZE YO POU PWOJÈ ENÈJI
EWOLYÈN EMPIRE WIND AK SUNRISE WIND POU DELIVRE PRÈSKE 1,700
MEGAWAT ENÈJI RENOUVLAB PWÒP AK BON MACHE BAY NOUYÒKÈ YO**

***Rapò yo fèk Pibliye sou Endistri Enèji Ewolyèn New York la Demontre Pri
Konpetitif, Angajman Siyifikatif pou Devlopman Ekonomik, Kreyasyon Djòb ak
Transparans***

***Li Sipòte Objektif Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a, yon inisyativ ki se Lidè
nan Nasyon an, pou Devlope 9,000 Megawat Enèji Ewolyèn bò 2035***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te finalize kontra yo avèk Equinor Wind US LLC pou Pwojè Empire Wind 816 megawat li a ak Sunrise Wind LLC (yon patenarya ant Ørsted A/S ak Eversource Energy) pou Pwojè Sunrise Wind 880 megawat li a pou delivre enèji renouvlab pwòp, bon mache bay Nouyòkè yo. Antanke pi gwo mache piblik pou enèji ewolyèn nan istwa nasyon an, anons sa a fè avanse Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) Gouvènè Cuomo a, yon inisyativ ki se lidè nan nasyon an, pou devlope 9,000 megawat ewolyèn bò 2035 epi pozisyone Eta New York kòm sant rejyonal endistri ki ap devlope rapid sa a nan Etazini.

"Nouyòkè yo konnen twò byen enpak devastatè chanjman klimatik la ak konsekans katastwofik yo si nou pa aji an ijans", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou finalize atribisyon kontra yo pou pi gwo mache piblik sou enèji ewolyèn nasyon an, nou ap rann nou kont konsènan empak pwojè sa yo pral genyen sou anviwònman an, pandan nou ap divèsifye ekonomi nou an epi mennen avantaj ekonomik pou Empire State."

"Nou angaje pou sipòte pwojè enèji ewolyèn nan kad efò nou yo pou ogmante enèji renouvlab la", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Kontra siyifikatif sa yo fonde sou objektif enèji pwòp agresif nou yo pou redwi emisyon yo epi konbat chanjman klimatik la. New York ap mennen nasyon an nan travay pou pwoteje anviwònman nou an epi asire nou li plis pwòp ak plis ekolojik pou jenreasyon alavni yo."

NYSERDA te soumèt an menm tan an dosye konplè li a, "Lansman Endistri Enèji Ewolyèn New York la: Rapò Faz 1", bay Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York la. Rapò a dokimante rezilta ki gen siksè premye pi gwo [apèl dòf](#) sou enèji ewolyèn avèk yon kapasite total konbine prèske 1,700 megawat epi li bay detay enpòtan sou pwojè ki gen pi gwo nòt sa yo.

Jan sa detaye nan [Rapò yo soumèt bay DPS la](#), pi gwo apèl dòf Eta a sou enèji ewolyèn ki te bay kòm rezilta pri pou Sètifika Enèji Ewolyèn Renouvlab (Offshore Wind

Renewable Energy Certificates, OREC) ki apeprè 40 pousan an mwens pase sa NYSEERDA a te pwojite nan [analiz](#) 2018 la, sa ki sinyale ke depans pou depwaye enèji ewolyèn yo diminye rapidman. Yon OREC reprezante avantaj anviwònman ki asosye avèk yon megawat elektrisite pa èdtan yo jenerere apati resous enèji ewolyèn epi konsomantè yo konsome an detay nan Eta New York. Lè nou konpanse jeneratè enèji ewolyèn pou investisman sa yo, OREC yo bay sipò finansye nesèsè pou poze fondman endistri a pou li pran rasin, sa ki bay dividann kwasan pou Nouyòkè yo tandiske endistri a ap pran matirite. Pwojè sa yo gen pri ki konpetitif konparativman ak rezilta resan ki soti nan New Jersey ak plizyè Eta nan New England pandan ke li ap delivre investisman enfrastrikti siyifikatif pou nouvo pò, angajman pou fòmasyon pwofesyonèl pou mendèv piblik-prive ak plizyè milye opòtinite djòb ki byen peye.

Konklizyon kle [Rapò a](#) gen ladan:

- **Konpetisyon san presedan:** Premye mache piblik New York la te rekeyi repons mache a ki plis konpetitif jiska prezan pami apèl dòf sou enèji ewolyèn nan tout Eta Etazini yo. Avèk kat devlopè ki te soumèt yon total 18 pwopozisyon, pwopozisyon yo demontre ke reyònman san parèy New York nan sifas aktyèl yo lwe ki etann soti New England pou rive New Jersey, gen ladan sifas yo lwe atravè pi resan vant ozanchè an Desanm 2018 Biwo Federal pou Jesyon Enèji Oseyan (federal Bureau of Ocean Energy Management). Anplis, repons sa demontre ke yo wè mekanis sou mache piblik Eta New York pou OREC yo kòm yon bagay ki atreyan pou devlopè prive yo nan mache sou enèji ewolyèn Etazini an.
- **Rediksyon Depans:** Pwojè Empire Wind ak Sunrise Wind yo genyen yon mwayèn depans devlopman global 83.36 dola pa megawat èdtan (2018 dola) avèk yon mwayèn depans OREC yo atann ak 25.14 dola pa megawat èdtan. Enpak fakti mwayèn pou konsomatè rezidansyèl yo pral mwens pase yon dola pa mwa pa kliyan - apeprè 0.73 dola.
- **Estrikti Kontra Inovasyon:** Kontra yo itilize yon estrikti kontra Endis OREC ki inovasyon kote peman yo ogmate epi yo bese envèsman pa rapò ak yon mwayèn konpozit enèji ak kapasite pri mache sou mache New York yo, ki pa reflekte revni reyèl pwojè a. Estrikti sa a bay pwoteksyon pou kontribyab yo kont volatilitè nan fakti ak pwojè pou sèvis piblik yo nan revni pwojè a pandan 25 ane dire kontra a.
- **Priyorite yo nan Itilizasyon Oseyan, Lapèch ak Anviwònman an:** Gwoup pou atribisyon an te demontre yon angajman solid, atravè adopsyon plan mitigasyon yo, pou adrese aktivman enterè itilizatè oseyan yo tankou lapèch komèsyal ak rekreyatif ak aktè anviwònman yo, epi tou asire ke kominote kotye yo pral angaje yo totalman epi yo ap jwenn enfòmasyon pandan pwosesis devlopman ak konstriksyon an.
- **Pwoteje Fanmi New York yo:** Anplis de sa, pwojè yo pral bay apeprè 700 milyon dola kòm avantaj enpak sou sante ke yo evite tankou ospitalizasyon ke yo evite ak lanmò prematire ki asosye avèk opresyon ak maladi kadyovaskilè ak respiratwa yo, sa ki demontre valè ekonomik ak sosyetal konsiderab pou fanmi New York yo.
- **Lanse yon Santral Endistri Enèji Pwòp nan New York:** Pwojè yo atribye yo pral ankouraje endistri enèji pwòp New York la avèk 3.2 milya dola nan enpak ekonomik konbine pou rejyon nò (upstate), rejyon sid (downstate), ak Long Island, plis pase 85 milyon dola investisman nan etablisman alontèm pou pò ak

teknoloji modèn epi nou atann ke yo delivre 1,600 nouvo djòb nan devlopman pwojè, pwodiksyon pyès, enstalasyon, epi operasyon ak mentnans. Yo ta dwe konsidere efò pou pi byen kapitalize sou investisman prive yo nan etablisman alontèm pou pò ak teknoloji modèn yo ansanm ak 200 milyon dola finansman Eta Gouvènè Cuomo a pou debloke kapital prive yo nan sipòte enfrastrikti pò ki enpòtan.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Nan tout fason, premye mache piblik New York la te yon gwo siksè epi egzekisyon kontra yo jodi a siyifi yon gwo etap nan rechèch nou yo ki se lidè nan nasyon an pou enèji pwòp, kouran yo pwodwi lokalman pou plizyè milyon kay ak biznis nan New York. Pwojè sa yo, ki reprezante pi gwo mache piblik ki poko janm fèt nan enèji renouvlab ke yon Eta reyalize nan istwa Etazini, pral delivre avanaj ekonòmik konsiderab epi bay djòb ak plizyè milye Nouyòkè".

Pou fè avanse investisman nan enfrastrikti alontèm pou pò Eta a, pi bonè nan mwa sa a, NYSERDA, Empire State Development ak Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) te pibliye yon Demann pou Kalifikasyon (Request for Qualifications, RFQL) ki tap chèche pwopozisyon yo pou prekalifikasyon nan men operatè pò yo ak patisipan sou mache a ki entèrese nan amelyore epi investi nan pò New York yo pou sipòte endistri enèji ewolyèn Eta a ki ap devlope a. Nou atann ke pò yo pral debloke plizyè milya dola alontèm nan potansyèl devlopman ekonomik lokal la epi ke yo pral sèvi kòm yon sant pou endistri enèji ewolyèn tout rejyon nòdwès la. RFQL la se premye etap nan yon pwosesis ki gen de faz kote New York ap chèche pou prekalifye konpayi ki fè pwopozisyon yo epi apre chwazi nan yon fason konpetitif pwopozisyon pou opòtinite investisman piblik-prive yo nan enfrastrikti pò. Sèlman konpayi ki fè pwopozisyon ki prekalifye yo anba RFQL sa a pral elijib pou patisipe nan yon apèl d'òf konpetitif apres pou jiska 200 milyon dola ki pral pibliye an 2020. Pou yo kapab elijib, moun ki fè pwopozisyon yo dwe idantifye omwen yon etablisman pò epi dekri nivo aktyèl kontwòl sou sit oswa kapasite pou genyen kontwòl sit la, epi yo pral evalye li sou baz valè ak vyabilite pwojè a demontre. Konpayi ki enterese yo kapab aplike [isit la](#).

15 Novanm 2019, NYSERDA a pral oòganize yon Atelye Fòmasyon ak Teknik sou Enèji Ewolyèn (Offshore Wind Technical and Training Workshop) nan Offshore Wind Technical and Training Workshop Farmingdale State College nan Long Island. Atelye sa a se yo opòtinite pou biznis lokal yo, founisè fòmasyon yo, òganizasyon travay ak edikatè yo kowòdone avèk devlopè enèji ewolyèn yo, pwodiktè pyès yo ak founisè sèvis yo pou idantifye bezwen teknoloji ak fòmasyon Sunrise Wind, Empire Wind ak pwojè alavni sou enèji ewolyèn nan rejyon an. Pwojè a pral etabli tou etap pou Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn (Offshore Wind Training Institute) ki ap koute 20 milyon dola New York la, sa ki pral bay avantaj pou travayè yo nan tout Eta New York atravè nouvo pwogram pou fòmasyon pwofesyonèl, kourikoulòm inivèsite ki adapte, ak opòtinite rechèch akademik ki amelyore. Patisipan ki entèrese yo kapab anrejistre [isit la](#).

Christer Geijerstam, ki se Prezidan, Equinor Wind US, te deklare, "Jodi a, Equinor kontan anpil pou rejwenn Gouvènè Cuomo ak NYSERDA a nan sekirize angajman nou pou delivre enèji ewolyèn renouvlab pou New York epi satisfè objektif anbisye pou enèji renouvlab Eta New York yo. Pwojè Empire Wind Equinor a se yon eleman kle nan

nouvo endistri enèji ewolyèn lan, li mennen non sèlman enèji renouvlab lokal, men tou nouvo djòb ak devlopman ekonomik ki enpòtan".

Thomas Brostrøm, Direktè Egzekitif Jeneral Ørsted U.S. Offshore Wind ak Prezidan Ørsted North America te deklare, "Gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo, NYSERDA ak New York, Sunrise Wind ap ede sekirize wòl Eta a kòm yon lidè nan transfòmasyon enèji vèt an Amerik di Nò. Ørsted ak Eversource pral ede asire ke Nouyòkè yo non sèlman benefisye kouran renouvlab, vèt, men ke yo rekòlte rekonpans dèske yo se yon premye jwè nan endistri ki ap devlope sa a".

Lee Olivier, Vis Prezidan Egzekitif Estrateji Enèji Antrepriz ak Devlopman Nouvo Biznis nan Eversource te deklare, "Sunrise Wind pral mennen enèji renouvlab ak devlopman ekonomik nan Eta a, epi li pral akselere tranzisyon New York la pou yon enèji renouvlab ak dirab alavni. Nou kontan anpil dèske nou ap travay avèk Gouvènè Cuomo ak NYSERDA a pou fè Eta New York yon lidè nan enèji vèt epi bay avantaj dirèk ak kominote ak biznis lokal yo nan tout Eta a".

Senatè Kevin S. Parker te deklare, "Antanke Prezidan Komite sou Telekomunikasyon ak Enèji Sena a (Senate Energy and Telecommunications Committee), mwen kontan dèske Eta New York sou wout pou reyalize pwomès pwojè Empire Wind ak Sunrise Wind yo. Ansanm, inisyativ sa yo pral ogmante siyifikativman basen global opsyon enèji renouvlab nou yo, pandan yo ap kreye djòb pou kòl vèt pou abitan Eta New York yo. Sa se yon gwo viktwa pou Eta nou an, epi mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou vizyon ak lidèchip li pou konbat chanjman klimatik la".

Senatè Todd Kaminsky, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmanal Sena a (Senate Environmental Conservation Committee), te deklare, "Enèji ewolyèn enpòtan pou devlope yon ekonomi enèji pwòp epi pou konbat chanjman klimatik. Anons jodi a se yon etap pasyonan ak nesèsè sou wout pou redwi depandsans Eta nou an de konbistib fosil yo epi fè avanse objektif ekolojik yo etabli nan Lwa sou Pwoteksyon Kominotè ak Lidèchip Klimatik (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) mwen an. Mwen rekonesan ak Gouvènè Cuomo ak Alicia Barton pou gow travay rann New York vini yon lidè nasyonal nan fè avanse enèji renouvlab".

Chèf Egzekitif Konte Suffolk la, Steve Bellone te deklare, "Aksyon sa a rann solid wòl Eta New York kòm yon lidè nasyonal nan sa ki gen pou wè ak enèji renouvlab ki bon mache, abondan ak lokal. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo dèske li pèmèt Enèji Ewolyèn vini yon reyalite ki pral kreye djòb nan Lond Island epi etabli yon prezans siyifikatif nan kè Konte Suffolk".

Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Laura Curran te deklare, "Se responsablite nou pou pwoteje enwiwònman nou an pou jenerasyon ki ap vini yo. Enèji renouvlab tankou kouran enèji ewolyèn se yon gwo pa nan batay kont chanjman klimatik la epi mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak NYSERDA a pou travay yo pou yon enèji pwòp nan Long Island ak New York".

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon Greater New York ki gen 100,000 manm lan (Building & Construction Trades Council of Greater

New York), te deklare, "Gouvènè Cuomo ak administrasyon li a kontinye mennen nasyon an nan zafè chanjman klimatik. Envestisman nan enèji ewolyèn lan se yon etap siyifikatif pou Eta New York epi li pral mennen nan kreyasyon plizyè milye djòb klas mwayèn ki byen peye avèk avantaj".

John R. Durso, Prezidan Federasyon Travay Long Island lan (Long Island Federation of Labor), AFL-CIO te deklare, "An Jiyè, Gouvènè Cuomo te anonse premye gwo mache piblik sou kouran enèji ewolyèn nan Eta New York pou konbat kont chanjman klimatik la. Sa se yon opòtinite pou devlope bon djòb sendika nan yon endistri ki ap devlope. Avèk anons kontra finalize yo nou fè yon lòt etap istorik nan vwayaj nou pou kreye bon djòb sendika yo, devlope ekonomi nou an, epi kontinye konba nesèsè a kont chanjman klimatik la".

Lisa Dix, Direktè Senyò Kanpay New York, Sierra Club, te deklare, "Nou aplodi aksyon Gouvènè Cuomo ak NYSERDA a jodi a nan delivre kontra ki siyen sou enèji ewolyèn pral bay kouran lè yo bati nan plizyè milye kay New York ak enèji renouvlab pwòp. Aksyon jodi a se yon etap egzekisyon enpòtan nan fè avanse Lwa sou Pwoteksyon Kominotè ak Lidèchip nan Klima a, epi yon viktwa ganyan-ganyan pou anviwònman, mendèv, ak ekonomi New York la. Kontra sa yo non sèlman delivre enèji pwòp nan nivo ki nesèsè pou ede konbat chanjman klimatik la, men tou yo egzije ke tout pwojè yo adere ak nòm travay ak anviwònman ki solid. Pwojè sa yo pral kòmanse bati chèn apwovizyonman lokal la epi priyore anbochaj lokal, nan soulaje biznis ak kominote New York yo. New York byen pozisyone pou vini sant rejyonal la nan enidistri nouvo sa a epi yon modèl pou nasyon an swiv".

Joe Martens, ki se Direktè New York Offshore Wind Alliance lan, te deklare, "Anons jodi a se yon lòt pa jeyan an avan nan mach New York la pou yon enèji pwòp alavni. Kontra pou pwojè Sunrise ak Empire pou Enèji Ewolyèn yo se premye vèsman New York sou wout pou satisfè nòm Lwa sou Lidèchip Klima ki se lidè nan nasyon an pou enèji renouvlab ak enèji ewolyèn epi sa demontre ke Eta a deside pou li episant nouvo endistri Ameriken sa a".

Carl LoBue, Direktè Oseyan ak Lapèch pou New York nan The Nature Conservancy te deklare, "Anons jodi a se yon pa enpòtan nan delivre enèji pwòp bay moun ak biznis nan tout Eta a. Nou aplodi Gouvènè Cuomo ak NYSERDA a pèmèt New York vini pi gwo pwodikte enèji ewolyèn nan nasyon an, epi apwòch yo a bay kominikasyon kontini nan mitan ekolojis yo, kominote lapèch yo, ak devlopè yo nan tout faz pwosesis devlopman an".

Anne Hawkins, Direktè Egzekitif, Alyans pou Devlopman Responsab Enèji Ewolyèn (Responsible Offshore Development Alliance, RODA) te deklare, "RODA apresye efò NYSERDA a pou minimize yon fason pwoaktif enpak sou lapèch dirab nan devlopman enèji ewolyèn. An patikilye, New York te montre lidèchip dèske li se premye Eta ki egzije yon plan mitigasyon global sou lapèch nan kad pwosesis mache piblik la ak itilizasyon Gwoup Travay Teknik sou Lapèch (Fisheries Technical Working Group) li a pou adrese kesyon ki gen enpòtans kapital pou pechè yo. Nou rekonesan tou pou sipò li pou Alyans pou Lasyans Responsab sou Ewolyèn (Responsible Offshore Science Alliance) pou amelyore rechèch enpòtan konsènan enèji ewolyèn ak entèaksyon lapèch, epi nou pa ka tann pou devlope pi plis patenarya pwodiktif sa yo".

Adrienne Esposito, Direktris Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwonman (Citizens Campaign for the Environment, CCE), te deklare, "Enèji ewolyèn ap vini yon reyalite nan Eta New York, epi sa se bòn nouvèl pou anviwonman nou an, sante nou ak planèt nou an. Ranplase santral kouran konbistib fosil ak jenerasyon enèji renouvlab la pral ede nasyon nou an vini pi solid, netwaye lè nou an, kreye djòb lokal epi konbat chanjman klimatik. Chanjman klimatik se yon reyalite, soliyson tou se yon reyalite. Kouran ewolyèn se yon solisyon pisan. Yon pa an avan pou enèji ewolyèn se yon pa pi pre pou sove planèt la".

Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a se inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, epi li ap mete eta a sou wout pou l vin konplètman net sou plan degajman kabòn atravè tout sektè nan ekonomi an yo epi tabli yon objektif pou gen yon sistèm elektrik ki net sou plan degajman kabòn apati 2040, pi rapid pase tout lòt Eta nan nasyon an. Li fonde sou akselerasyon san presedan enèji pwòp New York la ki gen ladan investisman 2.9 milya dola nan 46 pwòjè enèji renouvlab ak gran echèl toupatou atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 pòs travay nan sektè enèji pwòp New York la, yon angajman pou devlope prèske 1,700 megawat enèji ewolyèn bò 2024, ak 1,700 pousan kwasans nan sektè enèji solè ki distribye depi 2012.

Lwa sou Pwoteksyon Kominotè ak Lidèchip Klima (CLCPA) a ke yo te adopte resaman egzije menm sib enèji pwòp Nouvo Akò Ekolojik la k ap trase chemen an pou nasyon an: nèf jigawat enèji ewolyèn apati 2035, sis jigawat enèji solè yo distribiye bò 2025, ak twa jigawat estokaj enèji bò 2030, pandan li mande pou yo fè yon tranzisyon òdone ak jis anvè enèji pwòp k ap kreye djòb epi kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik. CLCPA mande ajans ak otorite Eta New York yo tou pou yo travay an kolaborasyon ak pati konsène yo pou yo devlope yon plan pou redwi degajman gaz a efè sè yo 85 pousan soti nan nivo ane 1990 yo bò 2050, epi yo vize investi 40 pousan nan resous enèji pwòp ak efikasite enèjetik yo pou benefisye kominote defavorize yo.

Enfòmasyon sou NYSERDA

NYSERDA, yon kòporasyon enterè piblik, ofri enfòmasyon ak analiz objektif, pwogram inovasyon, espètiz teknik, ak finansman pou ede moun New York ogmante efikasite enèjetik, ekonomize lajan, itilize enèji renouvlab, epi diminye depandans yo sou konbistib fosil. Pwofesyonèl NYSERDA yo travay pou pwoteje anviwonman an epi kreye anpil djòb enèji pwòp. NYSERDA ap devlope patenarya pou fè avanse solisyon enèji inovan yo nan Eta New York depi 1975. Pou aprann plis sou pwogram NYSERDA a ak opòtinite finansman yo, vizite nyserdera.ny.gov oswa suiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [YouTube](#) oswa [Instagram](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)